


Enfòmasyon Enpòtan pou
Anplwayè/Travayè nan
Restoran Manje Rapid yo:

**FAIR
W-RKWEEK
& FAST FOOD
DEDUCTIONS
LAWS VIL
NEW YORK**

Biwo Règleman ak Estanda pou Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan Depatman Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) ap mete Fair Workweek and Fast Food Deductions laws (Lwa Semèn Travay Jis ak Dediksyon nan Restoran Manje Rapid) Vil New York la ann aplikasyon, epi lwa sa a te anvigè depi 26 novanm 2017. DCA te kreye apèsi sa a pou anplwayè ak anplwaye yo. Ale sou sitwèb nyc.gov/dca pou jwenn plis enfòmasyon, kote ki repons ou Kesyon Moun Poze Souvan tou.

REMAK:

- Anplwayè yo pa gen dwa pini, penalize, vanje oswa fè okenn bagay kont anplwaye ki ka kanpe yo oswa anpeche yo egzèse dwa yo genyen selon lalwa. Travayè yo dwe kontakte OLPS san pèdi tan si yon patwon te vanje yo. Gade nan do tiliv la.
- Lwa a kouvri tout travayè san gade sou sityasyon yo ak imigrasyon.



Enfòmasyon sou Lwa yo

Anba **Fair Workweek Law**, anplwayè restoran manje rapid nan Vil New York yo dwe bay travayè yo orè travay yo k prevwa ak opòtinite pou travay nouvo peryòd travay ki disponib avan yo anboche nouvo travayè.

Anba **Fast Food Deductions Law**, anplwayè restoran manje rapid yo dwe aksepte demann anplwaye yo pou retire peman sou chèk travay yo pou voye bay òganizasyon benevòl ki gen yon lèt enskripsyon yo te jwenn nan men DCA. Lwa a kouvri òganizasyon benevòl yo tou. Lwa a pa pèmèt yo fè kontribisyon bay òganizasyon travay yo.

Anplwayè ki Kouvri yo

Anplwayè—ak sa yo ki gen soutretans ak konpayi èd tanporè yo—ki gen moun k ap travay nan yon restoran manje rapid nan Vil New York. *Gade seksyon Anplwaye ki Kouvri yo.*

Yon restoran manje rapid:

- Sèvi prensipalman manje ak bwason.
- Se la kliyan yo peye avan yo manje nan restoran an oswa deyò.
- Ofri sèvis ki limite.
- Fè pati yon chèn plizyè restoran. EPI
- Se youn nan 30 oswa plis restoran nan tout peyi a, tankou li fè pati yon antrepriz entegre oswa franchiz ki gen pwopriyete separe.

Restoran manje rapid ki anndan biznis tankou yon sant komèsyal, kouvri anba lwa sa a.

Anplwaye ki Kouvri yo

Anplwaye ki fè omwen youn (1) nan travay sa yo nan yon restoran manje rapid nan Vil New York:

- sèvis kliyan
- sekirite
- kwit manje
- ranje machandiz oswa ekipman
- prepare manje oswa bwason
- netwaye
- livrezon
- antretyen woutin

Avi Konsènan Dwa yo

Anplwayè yo dwe afiche anons ki dekri anba la a yon kote I ap fasil pou anplwaye yo wè nan chak espas travay nan Vil New York.

- “YOU HAVE A RIGHT TO A PREDICTABLE WORK SCHEDULE” (OU GEN DWA POU GEN YON ORÈ TRAVAY OU KA PREVWA)*
- YOU HAVE A RIGHT TO MAKE CONTRIBUTIONS TO NONPROFITS THROUGH YOUR EMPLOYER (OU GEN YON DWA POU FÈ KONTRIBISYON POU ÒGANIZASYON BENEVÒL ATRAVÈ TRAVAY OU)

*Anplwayè yo dwe afiche anons sa a nan lang angle ak nenpòt lang ki se lang prensipal pou omwen 5 pousan travayè yo nan yon espas travay si li disponib sou sitwèb DCA a nyc.gov/dca.

Apèsi sou Dwa Anplwaye yo

Fair Workweek Law



Yon estimasyon ki fèt ak Bòn Fwa epi premye orè travay yo alekri nan premye jou travay la oswa avan sa.



Preyavi 14 èdtan (2 semèn) avan orè travay la.

Konsantman travayè a alekri pou nenpòt sa yo ajoute nan yon orè ekri nan 14 jou oswa pi piti avan peryòd la kòmanse



Plis lajan pou nenpòt chanjman ki fèt ak yon preyavi 14 jou oswa pi piti davans – GADE TABLO KI ANBA LA A



Konsantman ekri anplwaye a plis \$100 pou *clopening**



Priorite pou travayè ki deja la yo lè gen nouvo peryòd travay disponib avan anplwayè a anboche nouvo anplwaye

*Yon anplwaye *clopening* lè li fè 2 peryòd travay pandan 2 jou lè premye peryòd travay la fini yon jou epi gen mwens pase 11 èdtan ant 2 peryòd travay yo.

Deductions Law



Resevwa yon pèmision nan men òganizasyon benevòl la



Otorize anplwayè a pou li retire peman sou chèk li pou voye bay òganizasyon benevòl la

Dediksyon ak peman otomatik bay òganizasyon benevòl a apre DCA anrejistre li kòm yon òganizasyon benevòl



Anile otorizasyon pou retire peman yo

Peye Plis pou Chajman Nan Orè ki Fèt Nan Dènye Minit

Kantite avi avan chanjman an an plas	Plis tan travay oswa peryòd travay	Chanjman nan travay men pa gen chanjman nan tan travay total	Mwens tan travay oswa peryòd travay
Preyavi pi piti pase 14 jou	\$10 pa chanjman	\$10 pa chanjman	\$20 pa chanjman
Preyavi pi piti pase 7 jou	\$15 pa chanjman	\$15 pa chanjman	\$45 pa chanjman
Preyavi pi piti pase 24 èdtan	\$15 pa chanjman	\$15 pa chanjman	\$75 pa chanjman

Anplwayè yo pa oblije peye plis lè:

- Anplwayè a fèmen paske: gen menas pou sekirite travayè yo oswa pwopriyete anplwayè a; sèvis piblik tonbe an pàn; transpò piblik pa mache; dife, inondasyon, oswa lòt dezast natirèl; gouvènman an deklare eta ijans.
- Travayè a mande pou chanje nan yon peryòd travay espesifik.
- Travayè a chanje peryòd travay ak yon lòt anplwaye.
- Anplwayè a dwe peye tan sipleman pou peryòd travay yo chanje a.

Obligasyon pou Kenbe Dosye

Anplwayè yo dwe kenbe dosye elektwonik pou montre yo konfòme ki dekri anba la a pou tan nou mansyone a. Si yon anplwayè pa kenbe oswa bay dosye yo lè yo mande li, anplwaye yo ap jwenn yon “prezonpsyon refitab” nan favè yo lè yo pote plent nan tribinal. Sa vle di se anplwayè a k ap responsab pou montre li pa te vyole lwa a.

Fair Workweek Law

Anplwayè a dwe kenbe dosye bagay sa yo:

- Kantite **èdtan travayè yo travay chak semèn**
- Peryòd travay **chak travayè te travay**, ak dat la, lè a, ak adrès la ladan
- Estimasyon an Bòn Fwa** sou kantite èdtan yo bay travayè yo
- Konsantman ekri** anplwaye a pou *clopening* restoran an ak pwograme chanjman lè sa nesèsè
- Chak orè ekri** yo bay travayè yo
- Tout lajan an plis yo peye** travayè yo, ak dat ak montan an ladan

Kenbe dosye pou twa (3) zan

Deductions Law

Anplwayè a dwe kenbe dosye bagay sa yo:

- Tout otorizasyon, revokasyon, dediksyon, ak kontribisyon bay òganizasyon benevòl
- Prè yo te distribye avi konsènan dwa yo

Kenbe dosye pou de (2) zan

Plent

Depoze yon plent ak OLPS. Ale sou sitwèb nyc.gov/dca oswa **rele 311** (212-NEW-YORK deyò NYC) epi mande pou “Fair Workweek Law” oswa “Deductions Law.” OLPS pral mennen yon ankèt epi eseye regle yon plent. **OLPS pral kenbe idantite moun ki pote plent la konfidansyèl amwenske li nesèsè pou bay idantite li pou mennen ankèt la kòmsadwa oswa lalwa egzije sa.**

Depoze yon aksyon nan tribinal. Men, anplwaye yo pa ka gen yon plent ak OLPS epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.

Kontakte OLPS

Ale sou sitwèb nyc.gov/dca, imèl FWW@dca.nyc.gov, or **kontakete 311** epi mande pou “Fair Workweek Law” oswa “Deductions Law.”



Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope.